ISSN 0207-6551



# ГЪЭМАХУЭМ ЕГЪАХЪЭ, ГЪЭМАХУЭМ ФОТХЪЭЖ, ФИ«НУРМИ» ЩIИГЪАТХЪЭУ КЪЫФЩОТХЪУ, ЗЫЩОТХЪУЖ!

АБРОКЪУЭ Беллэ

## ГЪЭМАХУЭМ И СУРЭТ

СфIощI Гъэмахуэр баринэ,
Уэгуш пщащэу пэтIинэ.
Дыгъэ бзийр и хъыринэ,
ГъэфIа гуащэу гъыринэ.

И бостейуэ кIэ щхъуантIэм
Удз гъэгъахэр кIэрыпщIэу,
И бостейуэ плIэ къащхъуэм
ЖэщкIэ вагъуэ хэпщIыпщIэу.

Дыгъэ гъуэжьыр и тажу,
Мазэ изыр и быжу,
Бэрэжьейри и гущэу,
И нэкIущхьэри Iущхьэу!

Псыпыху сыхъэм ар хэфу,
Тафэ ныджэм къыщыфэу,
Жьыуей жэрым шэсауэ,
Пшэхухэм ялъэIэсауэ.

Жэщ мазэгъуэм хэцIууэу,
ЦIырцIыр цIыкIуу цIрууэ,
Пшэплъу къэплъым дэушу,
Нэхущ бзур игъэушэу.

Сэ Гъэмахуэм сегъатхъэ,
Сэ Гъэмахуэм сегъатхэ.



ШЫПШ-БЭЧБО Залинэ

## САБИЙХЭМ, МАРЖЭ, ФАХУЭСАКЪ!

Пынащ вагъуэщIэ уафэ джабэм,
Дунейм сабий, мис, къытехьащ!
И тыгъэщ ар ди Тхьэшхуэ лъапIэм,
Насып, гуфIэгъуэ къыздихьащ.

Ар къуалэбзум кърагъэблагъэу,
Нэхущ уэрэдыр къыхураш.
Удз зэмыфэгъухэр зэщIэгъагъэу,
Дыгъэ нэбзийхэм зыхухаш.

Ар мылъкуу щыIэм я нэхъ лъапIэщ,
Ар псэуэ тIутым я нэхъ IэфIщ,
Я нэхъ гу пхъашэр ещIыр щабэ,
Сабий ущиIэ – гъащIэр уэфIщ.

Сабийщ дунейр зэтезыIыгъэр,
ИреIу нэхъыбэу сабий макъ.
Сабийщ къезытыр гъащIэм гугъэ.
Сабийхэм, маржэ, фахуэсакъ!

## Егъэджакlуэхэм я гъэтlылъыгъэ

***ТЕУВЭЖ Арианнэ*** *Налшык дэт 29-нэ Гимназием и 3-нэ классым щIэсу итхащ мы псысэр. Тхыгъэр зыхъума егъэджакIуэр* ***ТОКЪМАКЪ Светэщ.*** *Арианнэ хъыджэбз дахэ хъуащ, Мэзкуу университетым и архитектурэ къудамэм ухуакIуэ IэщIагъэм хуоджэ, етIуанэ курсым щIэсщ.*





# БАЖЭМРЭ МЭЗ ДЖЭДЫМРЭ

Бажэ мэжэщIалIэр мэзым къыхэкIащ. Зиплъыхьурэ зы дыщэ джэд цIыкIу зэщIэлыдэу мэз лъапэм деж къыщилъэгъуащ.

– Мы си мэзыр щхьэ бутэрэ? – щIэгубжьащ мэз джэдым бажэр.

– Мэзыр зейр сэращ, сэ плъакIуэ псэущхьэ Iэджэ къысхуокIуэ, – жиIащ джэд цIыкIум. Асыхьэтым бажэ бзаджэр зыхуеиххэр арати:

– Пэж дыдэщ, джэд цIыкIу, удахэ дыдэщ, псори уэ къохъуапсэ, сэри сигу урихьащи, сыноплъ, – жиIэурэ джэд цIыкIум гъунэгъу зыхуещI. Iуэхур зыIутыр джэд цIыкIум къыгурыIуащи:

– Сэ сызырикIщ, адакъэм елъытауэ, сэр нэхърэ нэхъ дахэжщ мо адакъэр. Еплъыт!

Бажэм адакъэр къилъыхъуэху, джэд цIыкIум зигъэпщкIужащ.

Мэз джэдыр бзаджагъэкIэ къызэрытекIуар и гум щIыхьауэ, бажэ мэжэщIалIэр гъуэгу теувэжащ, ишхын къилъыхъуэу.



# ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

*КЪРЫМ Иринэ,*
*уэрэджыIакIуэ*

## Пшынэ фIыцIэ цIыкIур

Сызэрысабийрэ зэхэсхырт си анэм и макъ дахэмкIэ жиIэ уэрэдхэр. Сыт ищIэми абы дзапэ уэрэдыр Iурылът, адыгэ уэрэдыжьхэр зыпищI щыIэххэтэкъым. Си анэ шыпхъу нэхъыщIэ Соня ди деж къэкIуа иужь, а тIум зэгъусэу зыуэ уэрэд жаIэрти, абы удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым!

Ди гъунэгъу пшынауэри я пщIантIэм дэсу пшынэ щеуэ щыIэти, пшыналъэр къызэрыIуу, илъэсищ-плIы фIэкIа зи мыныбжь сэ, абы я деж сежэкIырти, сыумэзэхауэ седаIуэрт. Ар зылъагъу си адэм Iэпэ пщыкIутI зытелъ пшынэ фIыцIэ цIыкIу къысхуищэхуауэ щытащ. Сэ сыгурыхуэт, макъамэр си псэм хэлът, зэхэсхар къэзубыдырти пшынэми къизгъэкIыфырт. Зи IэщIагъэкIэ дохутыр си адэм апхуэдизкIэ гъуазджэм фIыуэ хищIыкIырти, щыуагъэу къыздилъагъур къызжиIэу, зэзгъэзэхуэжу сигъасэрт.

## Гукъинэж сщыхъуащ

Сэ макъамэр сфIэфI пэтми, итIани си гур зэхъуапсэр дохутыр IэщIагъэрт. Абы ехьэлIауэ мыр сигу къинэжащ си сабиигъуэм щыщу: Ашэбей дэт еджапIэм япэ классым сыщIэтIысхьа къудейуэ сэ классым я старостэу сыхахауэ щытащ. Абы щыгъуэ занщIэу сикъыщиудри сыгъауэ щытащ: «сэ старостэкъым, дохутырщ сызэрыхъуну сыхуейр», – жысIэри. Си япэ егъэджакIуэ КIуэкIуэ Бабышэ, «дохутырмэ – дохутырщ» – жиIэри дыхьэшхащ. Сэри етIуанэ махуэм дохутыр дамыгъэ плъыжьыр зытет щэкIыр си Iэблэм ищIауэ, хущхъуалъэ сумкэ хужь цIыкIу сIыгъыу, абы йод, бжьэхуц хуэдэхэр дэлъу школым сыкIуэри, псоми «сеIэзауэ» щытащ. Абы и закъуэт! Псыхъуэм дэс, уэрамым дэт хьэ сымаджэхэм, джэду хьэулейхэм хадэм и деж пщыIэ яхуэтщIурэ абдеж къэтхьти, ахэр дгъашхэу, деIэзэу дакIэлъыплъырт, тфIэгуэныхь хъурти. Арагъэнущ унагъуэ псэущхьэхэр сабийм дапIу щIыщытар нэхъыжьхэм, абы гущIэгъу яхэлъу къызэрыхъурт.

## Си IэщIагъэр къызэрыхэсхар

Ази гугъу сщIа зэманхэм ирихьэлIэу ди деж къэкIуащ ди адэм и къуэш, профессор КIуэкIуэ Жэмалдин. Абы и щхьэгъусэ, пианисткэ Iэзэ Мае (Шэрийхэ япхъущ) зэхихащ пшынэ сызэреуэр икIи ди адэм жриIащ Iэмал имыIэу

музыкэ школ сыщIигъэтIысхьэну. А зэманым Налшык апхуэдэ еджапIитI къудейт дэтыр, къуажэхэм щыIэххэтэкъым. Сыщыпсэунур еджапIэм и интернатрат. Темыгушхуащэми, сагъэкIуащ, сыщеджащ. ЖыпIэнурамэ, си гъащIэр макъамэм епха зэрыхъуар зи фIыгъэр Маещ, икIи хуабжьу сыхуэарэзыщ.

ЕджапIэр къыщызухым, аргуэру сыукъуэдиящ медицинэм сыхуеджэну. Си адэр музыкэ школым и унафэщIым еупщIащ, еджэным пысщэну мыхьэнэ иIэрэ имыIэрэ. КъыжриIащ талант зэрызбгъэдэлъыр, Iэмал имыIэуи си щIэныгъэм хэзгъэхъуэн зэрыхуейр. ИтIанэ къызбгъэдэтIысхьэу си адэм къызжиIауэ щытар зэи сщыгъупщэркъым. «Сэ сыдохутырщ, уэри уеджэмэ, дохутырыфI къызэрыпхэкIынум шэч къытесхьэркъым. Ауэ нэгъуэщIхэм я уз фIэкIа зыри плъагъунукъым. Абы нэхърэ нэхъыфIыр бжесIэнщ. Сэ цIыхухэм я Iэпкълъэпкъыр згъэхъужынщ, уэ я псэм уеIэзэнщ», – щыжиIэм апхуэдизу згъэлъапIэ цIыхум и жыIэм сыфIэкIыфакъым. Училищэр къэзухащ, иужькIэ Саратов дэт консерваторием сыщIэтIысхьащ, университетым сыщеджащ.

## Си быным дамэ къыстрагъакIэ

Си хъыджэбз пажэ Ланэ уэрэджыIакIуэ хъуащ, сэ схуэдэу. Ари МузыкэмкIэ театрым и солисткэщ. Си пхъурылъху Дайанэ Мэзкуу театр институтыр къыщиухащ. Абы и шыпхъу Дисанэ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжыр къиухауэ университетым щоджэ. Си къуэ нэхъыжь Илья инджылызыбзэм хуеджащ, тхакIуэ-фантастщ, Мэзкуу тхылъипщIым щIигъу къыщыдигъэкIащ. НэхъыщIэ Анзор уэрэд жеIэ, продюсерщ, усакIуэ-макъамэтхщ. ЖыпIэнурамэ, псоми гъуазджэ хъуахуэ яхэлъщ. Нэми-псэми хуэтхьу,илъэсих хъууэ зы къуэрылъху диIэщ – София. Хуабжьу нэжэгужэщ,Iущыцэщ, макъамэм дехьэх, зэхихыр къепхъуатэ. ЕджапIэм зэрыкIуэу музыкэми хуедгъэджэну дигу илъщ.

## Ди къэкIуэнур зэлъытар

Къытщ Iэхъуэ щIэблэм, къыдэкIуэтей сабийхэм ди пщэдейр зэрелъытар хэткIи щэхукъым. Дэ сыт ищIысри яхуэдлэжьын хуейщ а сабийхэр IэпкълъэпкъкIи псэкIи узыншэну къэхъун папщIэ. Я хъуэпсапIэхэм ерыщу зэрыхуэкIуэфын зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ ябгъэдэтлъхьэу дгъэсэну ди къалэнщ. Езы цIыкIухэри адэ-анэр зыгъэгуфIэн, зыгъэгушхуэн хъуну, зэи зауэрэ нэщIэбжьэрэ ямылагъуну тхьэм жиIэ. ИтIанэ, ди зэпсэлъэныгъэр къэзгъэсэбэпу къыхэзгъэщыну сыхуейщ сабийхэм я псэкупсэр псыхьа хъунымкIэ «Нур» журналым мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Ар дэтхэнэ адыгэ унагъуэми Iэмал имыIэу ихьэн хуейуэ си щхьэкIэ къызолъытэ.



Зыгъэхьэзырар
**ИСТЭПАН Залинэщ**

# Къэхъун къуажэр нурыбэщ, сабий къэхъухэр нурыпсэщ




*Зэвгъэцlыху «Нур» сабий журналым и щlэджыкlакlуэ цlыкlухэр. Мы дыгъэщыгъэ гупыр Къэхъун къуажэм дэт япэ курыт еджапlэм и еджакlуэхэщ. Етlуанэ классым щlэсхэщ. Сабийхэр езыгъаджэр зи лэжьыгъэм гукlи псэкlи бгъэдэт, цlыху гумызагъэ, Урысей Федерацэм щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ – **ЩОМАХУЭ Людмилэщ.***

Куэд щlауэ къаlэрохьэ мы сабийхэм «Нур» журналыр. Я егъэджакlуэр я гъуазэу, журналым къытехуэ псори щlапщцытыкl.

– «Нур» журналыр си лэжьыгъэкlэ илъэс куэд щlауэ къызогъэсэбэп, хуабжьуи сэбэп къысхуохъу, – жеlэ Людмилэ. – АдыгэбзэкIэ къыдэкI журналыр дэ едгъаджэ сабийхэм теухуауэ щытщ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ нэхъ хьэлэмэту къытехуами, сэ япэщlыкlэ сыхоплъэри итlанэ цlыкlухэм язогъащlэ. «ІэпэІэсэ» рубрикэм къытехуэ лэжьыгъэхэр тфlэгъэщlэгъуэну догъэзащlэ. Псалъэзэблэдзхэр тфlэфl дыдэу дощlыж. Сыт хуэдэ тхыгъэ къытрадзэми дызэрелэжьыным иужь дитщ. Журналыр къазэрыlэрыхьэу занщlэу къызэтрадзурэ йоплъ сабийхэри: «Кхъыlэ, мыхэр дыгъэщlыж!» – жаlэу езыхэр къолъаlуэ».

# Нур







«Нур» журналым *щIэныгъэ къызэрырахым и щыхьэту,* абы къытехуэхэм гупыж къаритри загъэхьэзыращ сабийхэм. Иджыблагъэ «Акъыл жан» джэгу-зэпеуэ зэхашащ. Зэпеуэ щыхъукIэ къэпщытакIуи щыIэн хуейкъэ?! Сабийхэм я щIэныгъэр здынэсыр къахутэн папщIэ жюри зэхашам хэтахэщ курыт еджапIэм и унафэщI ***ПОНЭЖ Фатимэ***, абы и къуэдзэ – ***МОКЪУЭ Залинэ****, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ* ***КЪАРДЭН Раисэ***, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI ***ТАКЪ Маринэ*** сымэ.

«Дыгъэ бын» гупымрэ «Лэгъупыкъу» гупымрэ адыгэбзэр ягъэбзэрабзэт. Псалъэжь, псынщIэрыпсалъэ, усэ къеджэнкIэ, къуажэхь къэщIэнкIэ зэпеуахэщ. Адыгэ цIыхубз фащэри цIыхухъу фащэри зэрызэхэлъ пкъыгъуэхэр зэпкърахащ. Къэфахэщ, джэгуахэщ, уэрэд жаIахэщ. Зэпеуэм и кIэм къэпщытакIуэ гупыр зэчэнджэщхэри зэдэарэзыуэ зы унафэм хуэкIуащ: «Дыгъэ бын» гупымрэ «Лэгъупыкъу» гупымрэ текIуэныгъэр я зэхуэдэ хъуащ – зэрытегъэкIуахэкъым. Джэгу-зэпеуэм и кIэм еджапIэм и унафэщI Понэж Фатимэ сабийхэм ехъуэхъуащ я бзэр – адыгэбзэр ягъэбзэрабзэу, ехъулIэныгъэ куэд зыIэрагъэхьэну.

***ХЪУЭЖЭ Жан***

# УТЫКУ УЗЭРИХЬЭР ЛЪАПЭШИ УКЪЫЗЭРИКIЫЖЫР НАПЭШ



Чэнджэщхэр

## Джэгу хэтым:

Адыгэ джэгу кIуэ щIалэгъуалэр адэ-анэм яущий: «ЕкIуу яхыхьэ, щэн пхэлъу яхэт, пщIэ уиIэу къахэкIыж». ЦIыхум и акъылри,и хьэл-щэнри, гъэсэныгъэу бгъэдэлъри наIуэ къещI ар джэгум зэрыхэтым.

Джэгур зэран щIапIэкъым. Абдеж мыхъумыщIагъэ зылэжьым и щхьэри, къызыхэкIа лъэпкъри, зыхыхьахэри егъэпуд.

Джэгур гуфIэгъуэщи, цIыхум пщIэ зэрахуэпщIыр бгъэлъагъуэу, нэхъ щыгъыныфIу уиIэр пщыгъыу, фэ птету уахыхьэн хуейщ. Уи теплъэкIэ, зэфIэлъыкIэкIэ, Iэдэбагъымкlэ цIыхухэр къыдэпхьэхыфын хуейщ. *(Адыгэр бэлэбанэу, нэлуцэу, фейцейуэ джэгу хыхьэркъым зэи).*

Джэгу ущыхыхьэкIэ укъэфэфу щытын хуейщ. Дахэу укъэфэныр щIыхьщ, абы пщIэшхуэ къыпокIуэ.

Джэгум деж пщащэмрэ щIалэмрэ куэдыIуэрэ къызэдэфэныр емыкIущ, сыт хуэдэу фIыуэ зэрымылъагъуми. Апхуэдэм нэмыплъ ират.

Адыгэр къыщыфэкIэ и пкъыр захуэу гъэжауэ, щIалэм и лъэр зэблипхъуэту, пщащэм и IитIыр щабэу къыдэхъуу утыкум итын хуейщ. *(КъэфакIуэфIхэм япкъхэр мысысын папщIэ псы зэрыт шынакъ я щхьэм трагъэувэурэ ар ирамыкIуту къафэу загъасэрт).*

Къафэ зэхуэкIуэм къезэгъыркъым уи пкъыр бгъэхъейуэ, хэптIэ-хэпсэу. Ар зэкIур ислъэмейрщ. *(Къафэ зэхуэкIуэм и деж щIалэр лъапэкIэ увми, къызэдэфитIыр тIэкIу зэхуэнэщхъыфIэми мэхъу, ауэ я дзэлыфэ ятIыркъым, зэпсалъэкъым, нэкIэ зэхуогуфIэ).* ЩIалэм и IитIыр бгъэ дамэу мэхуарзэ, пщащэр псым тес къыууэ блосыкI.

## Хьэтиякlуэм:

Джэгур зезыгъакlуэр джэгу тхьэмадэ хьэтиякlуэрщ. Абы ещlэ хэт дапхуэдэу къафэми, хэт дэтхэнэм къыдэфэну хъуапсэми.

Ягъэлъапlэу джэгум къаша пщащэр къамыгъафэу къэмынэным кlэлъоплъ хьэтиякlуэр. *(Пщащэ узэджар джэгум зэ къыщымыфауэ пшэжмэ, адыгагъэмкlэ икlагъэ абы епхауэ къокl. Щlалэхэм ящыщ гуэр къанэми емыкlушхуэкъым, ауэ пщащэхэм хуабжьу яхуэсакъын хуейщ, ахэр нэхъ зыгъэгусэрейщ).*

Хьэтиякlуэм къигъэфэнухэр къыщыдишкlэ lэмал имыlэу я цlэхэр къреlуэ, псалъэ гуапэ яхужеlэ, фlы ядищlэми еlуатэ.

**Щапхъэ:**

*«Ашэхэ я щlалэу Сосрыкъуэ,*
*Уи лъапэ гъэджэгу,*
*Уи лъэгу дыщlэгъаплъэ!» – жиlэу утыкум кърегъэблагъэ.*

## Щlалэм:

Джэгум и деж къафэ зэхашэмэ, утыкум япэу къихьэри, пщащэр игъэкlуэтэжу иужьу икlыжри щlалэращ.

Утыкур лъапlэщ, плъапlэщ, щэнщ. Абы укъыщихьэкlэ, уи къарури, уи псэри хэплъхьэу, узэрыадыгэр, адыгэ къафэ укъызэрыфэр бгъэлъагъуэу, зызэкlэщlумышу, lэдэб пхэлъу, укъызыдэфэ пщащэм пщlэ хуэпщlу, джэгум хэт псоми я пщlэр умыгъэпуду уитын хуейщ.

Щlалэм къигъафэ пщащэм пщlэ хуещl, абы и жагъуэ ищlыныр ямыгъэгъу къуаншагъэщ.

*(Къэбэрдейм я къафэ псынщlэр «ислъэмейщ», кlахэ адыгэхэм я къафэ нэхъ псынщlэм зэреджэр «зыгъэлъатэщ»).*

## Пщащэм:

Пщащэр ирамыджауэ е и закъуэу джэгу кlуэ хабзэкъым. Абы и гъусэн хуейщ е и дэлъху, е и lыхьлы, е гъунэгъу, мыхъуж хъуми джэгум яхуэкlуэну къелъэlу щlалэр.

Уи къэфэгъуэр къэсауэ укъыщыдашкlэ, зэбгъэлъэlуныр емыкlущ.

Джэгум хыхьа пщащэм зипlыт-зихузу щыткъым, ар щхьэпэлъагэу, дахэу яхэтщ.

Егъэлеяуэ псалъэу, дыхьэшхырейуэ, щlыкlейуэ щытыныр пудыныгъэщ, напэтехщ.

Къыщыфэм и деж пщащэр хуитщ нэхъапэу утыкум икlыжыну. Абы зыми емыкlу къыхуищl хъунукъым. Щlалэм зыкърегъэщlэ, модрейми абы пщlэ хуищlу и увыпlэм нэс докlуатэ.

## Къэфар нэхъыжьмэ, пщlэ лей лъос

Къафэу тет нэхъыжьыр къащэхуж, абыкlэ и пщlэр ягъэлъапlэ. Джэгум хэт дэтхэнэми ар ищlэну хуитщ. Къэщэхужыпщlэ ахъшэр зыхуагъэфащэм ират, ауэ нэхъыбэу ар зылъысыр пшынауэрщ.

Джэгу хэтыкlэ зыщlэм хабзэ хэльщ.

**АБРОКЪУЭ Беллэ**

*«Адыгэ хабзэу щыlахэр» тхылъыр къэзгъэсэбэпащ.*



# «Нур» журналыр ди хьэщIэщ

Урок зэIуха

Уэс Iэрамэ хужьыр кърипхъыхмэ уафэм,
Пшэ гуэрэн зэхэтхэр жьым ирихужьам,
Япэ дыгъэ бзийхэр ди псэм щедэхащIэм-
Си бзэу адыгэбзэм зыкъысхуитIэташ!

Дыкъэзыухъуреихь дунейр телъыджэу зэрызэхэлъыр зыхэзыщIыкIыну-ри, абы гулъытэ хуэзыщIынури гукIи псэкIи дахэ цIыхурщ.

Ди лъахэм нэхъ дахэ дуней псом щыIэкъым, ди адыгэбзэм нэхъ лъэщ, шэрыуэ бгъуэтынкъым. Налшык къалэ дэт 33-нэ еджапIэм и 1-нэ классым щеджэ адыгэ сабийхэм ягъэлъэпIащ мазаем и 21-р, Анэдэлъхубзэм и ду-нейпсо махуэр. Сабийхэм я гукъыдэжыр къахуиIэтыну, я зэфIэкIыр нэхъри хигъэхъуэну и мурадащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Выкхъэ Аринэ. Ди бзэм ехьэлIауэ екIуэкIа урок зэIухар теухуат «Нур» журнал цIы-кIум. Ар зиIэ еджакIуэхэм я ехъулIэныгъэхэр хьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ, журналыр зымыцIыхухэми абы итхэр яфIэтелъыджэу зрагъэцIыхуащ.

Мы дуней дахэм телъыджэ куэд щызокIуэ, цIыхур ираущийуэ, иритра-гъэууэ, ирагъэдыхэшхыу, ауан иращIу. А телъыджэхэм яхэткъым тхылъым пэхъун. Сабиипсэр псыхьыныр, абы и Хэкур, и лъэпкъыр фIыуэ илъа-гъуныр и къалэнщ художественнэ литературэм, апхуэдэу ар и къалэн нэ-хъыщхьэу хуоув дэтхэнэ егъэджакIуэми. Дэтхэнэ сабийри щIохъуэпс утыку ихьэну, зыкъигъэлъэгъуэну, усэ къеджэну. ЕгъэджакIуэми ар къилъытэу, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпурэ еджакIуэм и бзэм зригъэужьын хуейщ. Апхуэдэ Iэмалхэм ящыщщ егъэджакIуэм сабийхэм ядригъэкIуэкIа зэпеуэхэр. А цIыкIухэм я бзэм зеужь, я акъылым хохъуэ езыхэм сытри къагъуэту, зэрагъапщэу, гупу зэгъусэу утыку къыщихьэхэм и деж. Ахэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэжыджэру гъэса мэхъур.

Сабийхэм джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр дагъэлъэгъуащ, усэ къыт-хуеджахэщ, уэрэд цIыкIухэр жаIащ. Псом хуэмыдэу гугъу зрагъэхьащ адэ-анэхэм. Адыгэ псысэм ехьэлIа IэрыщI цIыкIухэр зыщIыну гукъыдэж зиIа сабийхэм ахэр ядэIэпыкъуащ.

**Мы урок зэIухам сабий куэдым къаригъэцIыхуащ, къаригъэщташ «Нур» журналыр. Ар абыхэм ягъэтIылъыжыну фIэщщIыгъуейщ!**

**БАТЫР Людэ**

# Есэпырыбжэ – бжыгъэ гъэбагъуэ

Есэпым акъылыр фIыуэ егъэлажьэ, гупсысэм зрегъэужь. ФIыуэ есэп зыхуэщIым хузэфIэмыкIын щымыIэу къалъытэ щIэныгъэлIхэм. Дыхуейщ дэри фэдгъэлъагъуну есэп щIыкIэ Iэмал зыбжанэ.



## 9-кIэ догъэбагъуэ. IэпэкIэ псынщIэу зэрагъэбагъуэ Iэмал.

Iэр Iэгупэ-IэщIыбщ атIэ. Iэгупэр къэгъэзауэ ди IэпхъуамбипщIыр къэдгъэсэбэпынущ. 7-р 9-кIэ дгъэбэгъуэнщ. Абы папщIэкIэ, сэмэгу IэпхъуамбэшхуэмкIэ къыщыдогъажьэри 7-р къыдобж. Ар зытехуэр щIыдогъашэри мыр дигу идоубыдэ: А Iэпэ щIэгъэшам и сэмэгурабгъумкIэ щыIэхэр – пщIы бжыгъэхэрщ (десятки), ижьрабгъукIэ къанэр закъуэ бжыгъэхэрщ (единицы). Аращи, ди жэуапыр – 63-рэщ. $(7\times9=63)$

10-20

## 10–20 бжыгъэхэр тыншу зэрагъэбагъуэ Iэмал.

Ар тыншу пхуэщIынущ. Щапхъэ: 16-р 18-кIэ дгъэбэгъуэнумэ, зэрыдгъэбагъуэ бжыгъэ 16-м дгъэбагъуэм и закъуэ бжыгъэ 8-р хыдолъхьэ: 16+8, ар 10-кIэ догъэбагъуэ: (16+8)x10, закъуэ бжыгъитIри догъэбагъуэ: 6x8 Ар зыхыдолъхьэж:

$16\times18=(16+8)\times10+6\times8=288;$

Мы къэтхьа щапхъэхэм тету вгъэбагъуэ адрей дамыгъэхэри. Ар икIи утезыгъэу джэгукIэщ, икIи зозыгъэужь есэпщ!

**НэгъуэщI Iэмалхэри къэфщIэну фыхуеймэ, инстаграмым иIэ «Нур» напэкIуэцIым феплъ.**

Зыгъэхьэзырар
ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ

# «СЫТУ ФIЫЩЭ УЭ ДИ ДЫГЪЭР УЗЭРЫАДЫГЭР!»

**Ерокъуэ дэт еджапIэм зэрехьэ Мэсей Аслъэнджэрий и цIэр. Ар Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм ящыщщ.**

**ЕджапIэм щIыгъу гъэсапIэм кIуагъащIэ сабий цIыкIухэм сытым хуэдэу яфIэфI «МафIащхьэтыхь» махуэшхуэр! А махуэшхуэм щытраха сурэтхэр «Нурым» къытхурагъэхьащ. Ар къызэзыгъэпэщар сабий гупым я гъэсакIуэ БЕКЪАЛДЫ Альбинэщ.**























# ДИ САБИЙХЭМ КЪЭКIУЭН ЯIЭЩ

***Хьэщыкъуей Олег и къуэ Руслан*** и ныбжьыр илъэси 7-м щIигъуа къудейщ. Налшык дэт 4-нэ Гимназием 1-нэ классыр къиухащ, фIыуэ йоджэ. Тхэквондом зыхуигъэсэн зэрыщIидзэрэ илъэси ирикъуакъым. А зэман кIэщIым къриубыдэу абы хузэфIэкIащ бгырыпх гъуэжьыр зыIэригъэхьэну.

ТхэквондомкIэ (ВТФ) ЕсэнтIыгу и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм къекIуэлIат ди къэралым и щIыпIэ куэдым къикIа спортсмену 200-м щIигъу, 2010–2013 гъэхэм къалъхуауэ.

Абы щехъулIащ Хьэщыкъуей Руслан. Ар зыхэтар килограмм 22-рэ зи хьэлъагъ гупырт. Пэублэ зэпеуэм абы и пэщIэщIэгъуар Камышин щыщ ***Триллер Егорщ***. Руслан абы текIуащ 29:7-уэ. КъыкIэлъыкIуэу, ЕсэнтIыгу щыщ ***Макаров Константини*** текIуащ бжыгъэр 30: 1-уэ. Хьэщыкъуейр хэгъэрейми елъэщэкIащ! Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэу фIыуэ банэ сабийр финал ныкъуэм къыщыхагъащIэри домбеякъ медалырщ къихьэхуар. ИтIани абы игъэлъэгъуащ хузэфIэкIынур зыхуэдизыр. Зи псыпэр къажэ сабийм дияпэкIи ехъулIэныгъэ куэд зэрыдигъэлъагъунум шэч къытетхьэркъым!

Ар зи фIыщIэр Руслан и закъуэкъым, атIэ абы и гъэсакIуэхэу ***Унэжокъуэ Абдельджабаррэ Хьэгъундокъуэ Елдаррэщ.*** ТIуми хъуэхъу яхуэфащэщ.

***ХЬЭТАУ Ислъам***




# ТАУКIЭЩ ХЬЭДИС И ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭХЭР

***ТаукIэщ Заур и къуэ Хьэдис*** 2008 гъэм Дыгулыбгъуей къыщалъхуащ. Илъэсий зэрыхъурэ ар спортым дехьэх икIи йохъулIэ. Дыгулыбгъуей дэт 8-нэ еджапIэм и 6-нэ классым щоджэ. И текIуэныгъэ дамыгъэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэху, Хьэдис и гушхуэныгъэми хохъуэ. Сабийр япэу дэзыхьэхар урымалыдж бэнэкIэрт, ауэ илъэситI ипэкIэ ар IэщIыб ищIри бэнэкIэ хуитым зритыжащ. И гъэсакIуэр ***Бэрэгъун Рустамщ***. ТIуми я фIыщIэщ иджыблагъэ Бахъсэн куейм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Хьэдис япэ увыпIэр къызэрыщихьар. ЕхъулIэныгъэ куэд уиIэну дохъуэхъу, Хьэдис!



Зыгъэхьэзырар ***БОРЭН Людинщ***

# ХЬЭНДЫРАБГЪУЭ

**Псалъэзэблэдзыр къащIэ.**




*КЪЕХЫУ:* **1.** ЧыщIым и адэр. **2.** «ВакIуэ дэкI!» жиIэу къаджэр. **3.** Хъы щIынкIэ Iэзэ. **5.** … уаекIэ йоджэ мэлыжьыхьым къытезыгъэзэж щIыIэм. **7.** Уэсукхъуэр а цIыкIум къегъэхъей. **10.** Мэкъуауэм цIыхур зэхэзышхыхь лъагъугъуей.

*ЕКIУЭКIЫУ:* **4.** УрысыбзэкIэ «крапивник». **5.** Хуабэ хъумэ мэдыд *(мэвуу)*, щIыIэ хъумэ мэдий. **6.** Макъ пIэнкI псыгъуэкIэ джэ пкIауэ лъэпкъ. **8.** Уэсбзууплъым апхуэдэуи йоджэ. **9.** Мэл кIапэм ещэ мэз псэущхьэ.

Щапхъэм хуэдэу влэж.





# «Нурым» и нурхэр

## Налшык дэт 33-нэ еджапIэм 1 классым щеджэ сабийхэр





*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 6 2021 г.**

Учредитель:

Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КАШИРГОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 02.06. 2021 г.
Выход в свет 18.06. 2021 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1245 экз.
Заказ №1231
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.